

Ide pou Evènman ak Aktivite pou Responsab Politik yo

Jounen Nasyonal Gerizon Rasyal la fèt chak ane nan jou ki vin apre Jounen Martin Luther King Jr. la. Selebrasyon an fè plis vri chak ane paske moun k ap viv nan vilaj, gwo vil, katye ak òganizasyon nan tout peyi a travay pou kreye lyen epi pataje yon santiman ki fè yo santi yo konsène.

BEZWEN KONN KOTE POU KÒMANSE?

Lè n ap planifye you evènman, oswa youn aktivite, oumenm, konsitwayen yo ak patnè ou yo kapab kreyatif. Nenpòt evènman oswa aktivite ki reyalize youn nan objektif sa yo gen vale – se ka yon bagay senp tankou manje ak kòlèg yo oswa yon evènman ki rasanble konsitwayen nan tout zòn oswa vil la ansanm.

Nan evènman sa yo, ou ka travay pou w reyalie plizyè objektif:

- Aprann konn youn lòt.
- Bati relasyon ki baze sou konfyans.
- Aprann konn kote youn lòt soti, kilti, pèspektiv ak eksperyans nou chak te viv.
- Dekouvri kilti nan kominote w yo.
- Pataje enfòmasyon sou istwa oswa reyalite ki gen kounye a nan kesyon rasis la.
- Brase lide sou fason pou poze aksyon ki ogmante konpasyon, pouse pou plis jistis rasyal epi ranfòse solidarite.

Epi, asire w ou fè nou konnen plan w yo. Si moun nan piblik la ap ka vin nan evènman w lan, W.K. Kellogg Foundation (WKKF) ap mete l nan lis evènman nasyonal nou an. Si evènman w lan prive, nou toujou ta renmen tande pale de li, piske nouvo ide ap fè nou konnen sa k pi itil pou n travay sou li lòt ane lòt ane a. Tanpri, pataje detay konsènan evènman w lan sou [DayofRacialHealing.org](https://www.dayofracialhealing.org).

Ide sou fason w ka patisipe

Gen plizyè mwayen ou kapab avanse jistis rasyal nan kominote w la. Sa mande patisipasyon tout manb kominote a, sa gen ladan l responsab politik yo, dirijan kominote ak chèf relijye yo, moun ki posede ti biznis ak medya a. Gerizon rasyal vle di mete

moun priyorite nan transfòmasyon sistèm yo epi bati relasyon ki baze sou konfyans pou kominote a ka pran latèt nan vin ak rezilta ki pi jis. Fè règleman ki rekòtè rasis ki anrasinen nan sistèm nan epi chèche fason pou repare dega yo nan kad gerizon rasyal. Règleman sa yo ka abòde inegalite nan sistèm nan tankou lojman, devlopman mendèv, edikasyon ak sekirite piblik ki gen enpak sou lavi moun yo ap mennen chak jou.

Ede mouvman gerizon rasyal la grandi nan Jounen Nasyonal Gerizon Rasyal la e pou l al pi lwen ak ide nou pwal ekri la yo.

UTILIZE VWA W ANTANKE LIDÈ POLITIK

- Rasanble patnè nan tout sektè nan kominote w la pou w òganize yon fèt kote n ap gade konferans k ap fèt nan kad Jounen Nasyonal Gerizon Rasyal la sou NBC News Now ak Noticias Telemundo, gras a kolaborasyon ak NBCUniversal News Group.
- Prepare yon deklarasyon pou rekòtè ak onore Jounen Nasyonal Gerizon Rasyal la.
- Telechaje zouti rezo sosyal Jounen Nasyonal Gerizon Rasyal la epi pataje mesaj enpòtan yo sou kont ou.
- Voye yon atik opinyon bay journal nan zòn ou an pou sipòte Jounen Nasyonal Gerizon Rasyal la.
- Ankouraje enpòtans pou avanse ak jistis nan kesyon ras gras a règleman y ap kreye yo.

APRANN, TRAVAY, BATI

- Bati kapasite sou fason diferan kategori règleman avanse jistis nan kesyon ras la gras a règleman y ap kreye yo. Ou ka kòmanse nan gade lis resous ki genyen nan pwochen seksyon an.
- [Aprann](#) konsènan efò k ap fèt pou kreye solisyon epi chanje règleman ak pratik k ap kontinye ak rasis ki anrasinen nan sistèm nan.
- Òganize sesyon planifikasyon k ap ede manm nan kominote a konprann etap ki gen nan sa a ak wòl yo nan règleman k ap kreye pou avanse pou avanse kòz jistis rasyal. Sa gen ladan l devlopman, edikasyon, pledwari ak aplikasyon. Epi sonje refleksyon ak kesyon k ap swiv yo:
 - Devlopman règleman enstitisyonèl - Kijan nou ka kreye règleman ki kraze baryè estriktirèl e k ap baze sou respè ak angajman byen reflechi ak

patisipan nan kominote diferan yo? Ki zouti ki disponib pou analize ak evalye règleman yo?

- Edikasyon ak pledwari - Ki pi bon fason pou nou asire nou moun nan zòn nan k ap pran desizyon yo konnen plan règleman nou an ki atake inegalite rasyal? Ki pi bon fason pou nou konvenk yo pou yo adopte yo?
- Aplikasyon- Ki wòl ak responsabilite tout patnè ak patisipan yo nan travay ak moun k ap kreye règleman yo ak moun k ap pran desizyon yo pou esplike yo entansyon nou pou gen règleman ki jis e k ap repare dega ki fèt yo? kijan pou nou devlope yon plan evalyasyon pou kontwòle pwogrè ki fèt?
- Dekouvri fason kèk vil kreye yon Biwo Jistis.
 - Ki opòtinite ak avantaj ki genyen?
 - Kijan sa te rive?

Tanpri asire w òganizasyon w lan byen konprann e l kontinye respekte règleman IRS yo sou aktivite ki gen rapò ak règleman pou etablisman 501(c)(3) ak 501(c)(4) yo.

RESOUS POU APRANTISAJ AK KONVÈSASYON

- [Government Alliance on Race and Equity](#)
- Sektè Endepandan, : [Tools & Resources for Achieving Racial Equity in Policymaking](#) (Zouti & Resous pou Rive Gen Jistis nan Kesyon Ras Lè Y ap Kreye Règleman yo)
- National League of Cities, [Race, Equity and Leadership program](#) (Pwogram Ras, Jistis ak Dirijan)
- Othering & Belonging Institute, [Advancing Racial Equity Legal Guidance for Advocates](#) (Avanse ak Jistis nan Kesyon Ras, gid pou Defansè yo)
- PolicyLink & Strive Together, [Policy toolkit: A guide to systems transformation through policy change](#) (Zouti ki Gen Règleman: Yon gid pou transfòmasyon sistèm yo pa mwayen chanjman nan règleman yo)
- PolicyLink & Urban Institute, [Scoring Federal Legislation for Equity](#) (Evalyasyon Lwa Federal yo nan Kad Jistis)
- Mezon Blanch, [Advancing Equity and Racial Justice Through the Federal Government](#) (Avanse ak Jistis nan Kesyon Ras gras a Gouvènman Federal la)
- Mezon Blanch, : [Executive Order on Advancing Racial Equity](#) (Dekrè nan kad Avansman Jistis nan Kesyon Ras)

PWOKLAMASYON

ETANDONE, _____ konfime tout moun, kèlkeswa ras yo, peyi yo soti ak relijyon yo ye a, koulè po yo oswa karakteristik fizik yo, merite menm opòtinite pou yo jwi byennèt yo nan yon sosyete ki jis e pou yo patisipe nan tout demokrasi nou an, nou rekonèt nou dwe travay pou nou rezoud dega rasis te fè e k ap fèt jodi a, geri blesi prejije nan domèn ras, peyi ak relijyon lakòz epi bati kominote kote tout timoun ka itilize tout kapasite yo epi al pi lwen;

ETANDONE, tout timoun gen dwa pou yo gen sekirite, diyite e pou yo trete yo tankou moun, e yo dwe gen tout opòtinite pou yo grandi, aprann ak fè pwogrè nan yon anviwònman k ap ankouraje yo.

ETANDONE, chak moun gen kapasite pou yo aprann, grandi epi chanje, epi bati kominote ki gen responsabilite, swen ak aksyon nan tèt ansanm;

ETANDONE, si nou tout pran angajman pou nou antre nan yon pwosesis ki rasanble moun ak kominote an jeneral, repare dega rasis lakòz epi transfòme fason sosyete yo òganize pou l vin youn ki konfime valè tout moun genyen, nou ka pote chanjman nesèsè nan refleksyon ak kòmantè ki fè bèl peyi sa avanse antanke yon sosyete tout moun gen plas yo ladan l;

ETANDONE, gerizon rasyal se yon angajman esansyèl e ki enpòtan anpil nan domèn edikasyon, sosyal, mantal ak byennèt tout timoun nou yo an jeneral; epi

ETANDONE, vil/minisipalite/eta/Tribi/nasyon/peyi _____, an relasyon ak lòt moun nan tout Etazini ak nan tout monn sou latè, rekonèt Madi ki vin apre jounen pou Selebre Martin Luther King Jr. kòm “Jounen Nasyonal Gerizon Rasyal” epi ankouraje tout sitwayen pou yo travay pou gen gerizon rasyal ak transfòmasyon chak grenn moun ak tout moun ansanm kòm yon mwayen pou travay ansanm pou garanti pi bon kalite lavi pou chak timoun.

DONK, KOUNYE A, Mwen, _____ (mete majistra/gouvènè/Chèf tribi epi mete vil/minisipalite/eta/Nasyon tribi/peyi la a) nan dokiman sa a deklare vil sa a onore

ak rekonèt Madi ki vin apre Jounen pou Selebri Martin Luther King Jr. oswa twazyèm Jedi nan mwa janvyè kòm “Jounen Nasyonal Gerizon Rasyal.”

DEFINISYON

KISA GERIZON RASYAL YE? KISA JISTIS NAN KESYON RAS YE?

Nou bay definisyon sa yo pandan ou menm ak moun w ap kolabore avè yo a ap reflechi sou fason pou nou selebri Jounen Nasyonal Gerizon Rasyal la. Gerizon rasyal ak jistis rasyal se mo k ap vin pi popilè jodi a, men li pi fasil pou n reflechi ak ide yo lè chak moun kòmanse yon kote youn konprann lòt.

Rasis fè nou rete dekonekte e l anpeche nou viv nan yon peyi kote tout moun gen menm opòtinite.

Gerizon rasyal se fondman jistis nan kesyon ras. Sa vle di moun ap bati relasyon ak konfyans pou devlope objektif ki pataje e volonte kolektif pou kreye ak konsève jistis nan kesyon ras.

Gerizon rasyal se yon pwosesis ki repare moun yo ak kominote yo, ki repare dega rasis la te lakòz yo epi ki transfòme fason sosyete yo òganize pou fè yo tounen òganizasyon ki aksepte valè tout moun genyen.

Jistis rasyal aksepte tout moun, kèlkeswa ras yo soti, koulè po yo oswa karakteristik fizik yo, merite pou yo gen menm opòtinite jwi byennèt nan yon sosyete ki jis. Rive jwenn jistis rasyal vle di se pa idantite youn moun k ap di fason pou yo trete l oswa k ap di kijan lavi l ap pase.